ISSN 2091-508X

Бөлимге 50 жыл
Отделению 50 лет

Өзбекстан Республикасы Илимлер
Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ
# ВЕСТНИК

Каракалпакского отделения
Академии наук Республики Узбекистан

4

Нөкис 2009 Нукус

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИНИҢ

# ХАБАРШЫСЫ

ЖУРНАЛ 1960 ЖЫЛДАН БАСЛАП ШЫҒЫП АТЫР

# ВЕСТНИК

КАРАКАЛПАКСКОГО ОТДЕЛЕНИЯ
АКАДЕМИИ НАУК
РЕСПУБЛИКИ УЗБЕКИСТАН

ЖУРНАЛ ИЗДАЕТСЯ С 1960 ГОДА

**№ 4**
**(217)**

Нукус – „Илим“-2009

Учредитель и издатель: **Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан**
Соиздатель: **Каракалпакский государственный университет им. Бердаха**

Главный редактор д.э.н. Н.К. АИМБЕТОВ

*РЕДАКЦИОННАЯ КОЛЛЕГИЯ*

**АЛЕУОВ У.А.**, доктор педагогических наук; **АЛЬНИЯЗОВ А.И.**, кандидат филологических наук; **АТАНИЯЗОВА О.А.**, доктор медицинских наук; **БАЗАРБАЕВ Ж.**, академик АН РУ, доктор философских наук; **БАХАДЫРОВА С.**, доктор филологических наук; **БАХИЕВ А.**, академик АН РУ, доктор биологических наук; **ДАУЛЕТОВ А.**, академик АН РУ, доктор филологических наук; **КОНСТАНТИНОВА Л.Г.**, доктор биологических наук; **МАТЧАНОВ А.Т.**, доктор биологических наук; **НАРЫМБЕТОВ Б.**, кандидат физико-математических наук (заместитель главного редактора); **СЕЙТМУРАТОВ Е.**, доктор химических наук; **СЕМЕНОВ И.А.**, ответственный секретарь журнала; **ХАМИДОВ Х.**, академик АН РУ, доктор филологических наук; **ЯГОДИН В.Н.**, доктор исторических наук.

**Адрес редакции:** 230100, г. Нукус, ул. Амира Тимура, 179ª, тел.: **222-53-80.**
**http://www.aknuk.uzsci.net/vestnik.htm**
Зав. редакцией **Г.Ж. Шерниязова.**
Набор и корректура: **В. Султангулова, Г. Шерниязова.**
Компьютерная верстка: **В.А. Статов.**

Сдано в набор 22.10.2009. Подписано к печати 23.12.09. Формат бумаги 60x84 1/8.
Печ. л. 11,5. Тираж 400 экз. Заказ 6. Цена договорная. Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан – 230100, г. Нукус, ул. Амира Тимура, 179ª. Регистрационный номер 01-040.

*Отпечатано в отделе печати журнала "Вестник". Реестр №11-0874.*
**© Вестник Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан**

**Нуржанов П.** - К.Рахмановтың "Ақыбет" романында сюжет хәм қаҳарман характери ............ 112
**Нуржанов П., Сайымова Г.** - Ҳәзирги лиро-драмалық поэмада қаҳарман характерин жасаўдың өзгешелиги ............ 115
**Турдыбаев Қ.К.** – Лиро-эпикалық поэзиямыздағы жаңа бағдар ............ 117
**Мургазаева М.** - Т.Жумамуратов шығармаларының жанрлық рәң-бәреңлиги ............ 121
**Пирекеева А.** – Кенимехли қарақалпақлардың үрп-әдет дәстүрлериндеги гейпара терминлер мәселесине байланыслы диалектизмлер ............ 124
**Бекбергенова Г.** - Қарақалпақ тилиндеги атлықтың субъектив баҳа формаларының тартым сеплиги арқалы билдирилиўи ............ 126
**Нажимова Р.** - Қарақалпақ тилиндеги басқа сөз шақапларының алмасықласыў қубылысы ............ 128
**Кудьярова Ш.Т.** – Фразеологизмлерде қырқ санлығының қолланылыўы ............ 130
**Сапаева Ф.** - Махтумқули шеърларининг ўзбек тилига таржима қилиниши тарихига доир ............ 133
**Қурбанов М.Д.** - Түркий тиллеринде географиялық терминологияның үйренилиўи мәселесине ............ 135
**Оразымбетова Э.Ш.** - Қарақалпақ тилиндеги театр терминлериниң қәлиплесиўи ............ 137
**Сейтжанов Ж.Е.** - Ундалма ва унинг турлари ҳақида ............ 140
**Қалыбаева Қ.С., Альниязов А.И.** – Түркий тиллериндеги фейил топламлы фразеологизмлер ............ 143
**Даўлетов М.** - Латын жазыўына тийкарланған қарақалпақ әлипбеси хәм имласын жетилистириў ҳаққында ............ 147

Педагогика и психология

**Саекеев Т.** – Отражение в героическом эпосе каракалпакского народа элементов народных игр и видов спорта ............ 152

Сообщения

**Абдиниязова Г., Бахиев А., Бердимбетова Г., Жумамуратов Р., Ешниязова Д.Р.** - Лекарственные растения Каракалпакстана, используемые в традиционной медицине Востока (сообщение 1) ............ 155

Юбилеи

Ельмуратову А.Е. — 70 лет ............ 159
Мийнети менен ҳүрметке бөленген инсан ............ 160
**Перечень работ, опубликованных в «Вестнике Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан» в 2009 году** ............ 162
Правила для авторов ............ 168

Сениң менен жасаў мен ушын-өмир…

**Зыяда:**

Жоқ, жигит, келиспес бул қосықларың,
Бахтына тасланған бул асықларың
Сеземен хеш қашан алшы түспейди.
Бизиң өмиримиз аңсат кешпейди (61-б.).

**Дәнияр:**

Дилбарым, түсин сен, маған нәзер сал!
…Суў ишинде турып шөлледим,
От ишинде турып өлмедим.
Себеп бир қасық суў ише алмайман.

**Зыяда:**

Ох…
Қыйнайсаң, қыйнайсаң, буншелли жаным!
Ақты-ғой сел болып сойылмай қаным.
Мүмкин емес мениң турмыс бузыўым,
Саған өмирликке қолды созыўым…

**Дәнияр:**

«…Мен балықпан теңизинен айырылған,
Мен тулпарман дойнағынан майырылған.
Мен суңқарман қанаты жоқ ушарға,
Тақатым жоқ, сүймесимди қушарға…
Хош бол, мениң сүйикли дәртим!»

**Зыяда:**

Қан ақты көзимнен, қан ақты сөзимнен,
Жүрегим үзилип қолыңда кетти,
Күйиниш жәбирли жаныма өтти (63-б.).

Шығармада әдебий қаҳарманның усындай кеўил диалектикасының драмалық талапқа бола ашып берилиўи поэтикалық шеберлик дәрежесине сәйкес келеди.

Улыўма алғанда, бул еки лиро-драмалық поэмада да драмалық тартыслар менен сахналық көринислердеги қарама-қарсылықлардың гүреси әдебий қаҳарманлардың өз сөзлери- диалоглар арқалы берилип, оларда инсаният баласындағы усы ўақытқа шекемги жасап киятырға минез-қулық белгилери: дүньяпаразлық, даңқпаразлық пенен меҳир-муҳаббаттың, нәпси менен сабыр-қанааттың, қумарлылық пенен инсаплылықтың арасындағы гүреслер драманың ҳәм лириканың талаплары тийкарында ашылған. Лирикалық поэмалардың диалогларындағы қаҳарманлардың өткир фразалар айтылған сөзлери әдебий қаҳарманлардың ишки кеширмелерин тереңнен сәўлелендириўге, лиризмди арттырыўға хызмет еткен. Өмирдиң, жасаўдың ҳақлы мәниси менен турмыслық мағаналарын сүўретлеў арқалы инсанлар арасындағы драмалық қарама-қарсылықлардың тәбияты ашып берилген. Демек, булардың барлығы поэмалардың жанрлық жақтан түрленип, қоспалы сыпатқа ийе болып баратырғанлығын аңлатады. Бул өз гезегинде бир тутас миллий поэзиямыздағы лиро-драмалық поэмалардың тутқан орнының артып баратырғанлығынан дәрек береди.


ӘДЕБИЯТЛАР

1. Избасқанов Ж. Қамал. Драмалық поэма; Ж.Избасқанов. Таңламалы шығармалары. Нөкис. Қарақалпақстан. 1999. 118-б. (ендиги мысаллар усы басылымнан алынады, қаўыс ишинде тек бетлери көрсетиледи).
2. Төрешова Н. Өзиңнен… Қосықлар ҳәм поэма. Нөкис. Қарақалпақстан. 1994 (ендиги мысаллар усы басылымнан алынады, қаўыс ишинде тек бетлери көрсетиледи).



SUMMARY

The paper looks into singularity of the character development in lyrical-dramatical poems "Kamal" by Zh.Izbaskanov and "Tutkyn" by N.Tureshova. Narrative analysis of the hero's image allows obtain scientific theoretical generalizations which are essential for the research program of Karakalpak poetics in its entirety.



Nurjanov P., Sayimova G.

**Peculiarity and evolution of a hero's disposition in modern lyrical dramatic poem**

*Institute of language and literature*


---

# ЛИРО-ЭПИКАЛЫҚ ПОЭЗИЯМЫЗДАҒЫ ЖАҢА БАҒДАР


Қ.К.Турдыбаев

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



Резюме

В статье идет речь о новом направлении в каракалпакской лиро-эпической поэзии. Автор, анализируя дастаны А.Утепбергенова и Н. Торешовой периода независимости, приводит ценные научно-теоретические выводы, что служит дальнейшему углубленному исследованию национальной эпической поэзии в целом.


Дәстан дөретиў дәстүри көпшилик түркий халықларының, соның ишинде, қарақалпақ халқының әдебиятында да әлле қашан бар болып, ол XX әсирде өзиниң жаңа раўажланыў басқышын басып өтти.

Илимий теориялық әдебиятларда көрсетип өтилгениндей, дәстанда эпикалық сыпаттағы ўақыялар - сюжетлик желис пенен қаҳарманлардың ис-ҳәрекетлери қосық пенен баянланады [1]. Ал, фольклорлық дәстанлардың айырымларының қосық қатарлары арасында қара сөздиң араластырылыпислетилиўи де дәстан жанрының қоспалылығы

менен көп түрлилигин көрсетсе керек. Сонлыктан да биз миллий әдебиятымыздың тарийхына бир нәзер салып карасақ, дәстан жанры тек фольклорымызда ғана емес, ал жеке индвидуаль дөретиўшилик ийелериниң лабораториясында да көплеп ушыраспақта. Бирақ та негедур жақын ўақытларға шекем хәттеки атаклы Бердақ шайырдың дерлик барлық лиро-эпикалық шығармаларын «поэма» термини менен атап келдик. Соңғы жыллары ғана ол дәстан сыпатында кең түрде хәм арнаўлы изертленди [2].

«Дәстан» хәм «поэма» түсиниклери бир-бирине жақын болғаны менен олар арасында айырмашылықлардың бар екенлиги әдебияттаныўымызда соңғы жыллардағы айырым теориялық мийнетлерде де айтылмақта [3]. Себеби, поэма бурынғы әсирлерде көбирек Европа әдебиятларына тән болған көркем-поэтикалық жанр болса, ал дәстаншылық түркий халықлары әдебияты менен тутас мәдениятына, көркем ой-пикир дүньясына терең енисип кеткен жанрлық түрлердиң қатарына жататуғынлығы да үлкен илимий изертлеўлердиң объектине айланып, белгили илимий-теориялық жуўмақлар шығарылған [4]. Бәлким, усындай поэтикалық әхмийетке ийе болғанлықтан да XX әсирдеги қарақалпақ хәм туўысқан халықлардың шайырлары Аяпберген, Аббаз, Садық, Жамбыл, Токтағул хәм т.б шайырлар бул жанрга айрықша итибар берип, қунлы шығармаларын жазып қалдырып кеткен, айырымлары оны аўызша дөретип, кейин ала хатқа түсирген. Мине, усы әдебий фольклорлық дәстүр хәзирги Орта Азия халықларының миллий поэзиясында ылайықлы даўам еттирилмекте - белгили өзбек, казак, қырғыз, қарақалпақ шайырлары бул бағдарда актив түрде ислемекте. Нәтийжеде, дәстанның раўажланыўында жанрлық-стиллик рәң-бәреңлик көзге тасланбақта. Солардың бир айқын мысалы сыпатында миллий ғәрезсизлик жылларында жарық көрген Ә.Өтепбергеновтың «Алланды умытпа!», «Аллада есап бар», Н.Төрешованың «Ялғаншы» дәстанларын көрсетиўге болады. Соның менен бирге, аңыз-әңгимелер менен қыссалар, ертеклер тийкарында кейинги дәўирде дөретилип атырған О.Сәтбаев, Ж.Өтениязова хәм басқалардың базы бир лиро-эпикалық шығармалары жарыққа шықпақта. Олар авторлардың қолтаңбалары менен «поэмалар» сыпатында басылып атырса да, негизинде олардың сюжетлик-композициялық бағдарлары менен конфликтлериниң характери, шешилиўи, сүўретлеў усыллары жағынан дәстаншылық дәстүрине бираз жақын келеди. Бундай типтеги дөретпелер соңғы дәўирдеги миллий поэзиямызда жүдә жийи ушырасады хәм оларға өз алдына айрықша түрде тоқтаўға туўра келеди.

Жазба поэзиямызда соңғы жыллары дәстаншылық дәстүри хаққында пикир жүриткенимизде, әсиресе, жоқарыда атлары көрсетилген Ә.Өтепбергенов хәм Н.Төрешовалардың дөретпелериниң өзгешеликлери хәм типологиялық уқсаслықларына азы-кем тоқтап өтиўге туўра келеди. Солардан Ә.Өтепбергеновтың «Алланды умытпа!» дәстаны ен дәслеп жүзеге келген болып, ол он қатарлы қосық қатарлары менен жазылған қысқа-қысқа 608 бөлимнен ибарат. Дәстанды усы формада жазыўға шайырдың миллий лиро-эпикалық поэзиямыздағы жаңалығы мазмун хәм форма саласындағы излениўшилиги тийкар болған. Бунын үстине оның Шығыс поэзиясы дәстүрлеринен нәр алғанлығы да коринип тур.

«Алланды умытпа!»да белгили бир жүйеге түсирилген сюжетлик бағдар жоқ. Онда көбирек өмирбаянлық сыпатлар, лирик қахарман образы менен улыўмаластырылған шайыр образының хәр қыйлы сыпатлары бир-бири менен өз-ара тәсир етисип, автор образын жарыққа шығарыўға хызмет етеди. Усы сыпатларды Қ.Мақсетов әлле қашан-ақ, дурыс белгилеп берген еди: «Шайыр өзиниң туўылыўынан баслап хәзирги күнге шекемги өмирге нәзер таслайды, оның ағы менен қарасын, жақсысы менен жаманын айырыўға қызығады. Ең бахалысы, олардың хәр бир көринисине еркин, ашық, хеш кимнен тартынбастан өз бахасын береди» [5]. Биз бул пикирге толық қосыламыз. К.Қурамбаев та усы дәстан туўралы өзинин унамлы көзқарасларын ортаға таслаған [6]. Усыларға қосымша айтатуғын нәрсе соннан ибарат, дәстанда шайыр тек ғана көрген-билгенлерине баха бериў менен ғана шекленбестен, тарийхый, сондай-ақ, диний рәўиятлар менен мифологиялық хәм фантастикалық әлемдеги ўақыяларды да хәзирги заманлағы ис-хәрекет хәм қубылыслар менен салыстыра отырып, жүдә қоспалы, өзгешеликке бай болған сюжетлик-композициялық бағдар дүзе алған.

Диний-мифологиялық, фантастикалық түрдеги гейпара түсиниклер менен сюжетлер миллий әдебиятымызда усыған шекемги бир қатар шығармаларда да азы-кем пайдаланылған еди. Олар бул шығармада кең хәм терең түрде, айқын қубылыслар сыпатында сәўлелендирилген. Бул нәрсе Н.Төрешованың «Ялғаншы» драма-дәстанында түс, елес, аян бериў түринде пайдаланылған. Ә.Өтепбергеновтың дәстанында бул нәрсе бир қанша кеңейтирилген сюжетлик бағдарлар, сюжетлик бөлекшелер ретинде пайдаланылып, негизги сүйекли өзекке тығыз бириктирилип жибериледи. Булардың барлығы да, бизиңше, миллий ғәрезсизлик дәўириндеги көркем ойлаўымыз бенен социал-жәмийетлик, философиялық пикирлеў дүньямыздағы жаңаша излениcлер нәтийжесинде келип шықты,-деп есаплаў болады.

Ә.Өтепбергеновтың хәм Н.Төрешованың бул дәстанлық шығармалары хаққында тағы да бир белгилеп өтетуғын нәрсе соннан ибарат, халқымыз арасында «мынаў бир нәрсениң дәстаны», «дәстан қылып айтып бериў», «сол ўақыялар дәстанын айт», деген сөзлер тарқалған. Усыған қосымша: «... байбуў, дәстан еттиң - ғой» деген сөзлер де бар. Бул сөз дизбеклеринде айтылып атырған белгили бир қубылыстың хәм ўақыяның ямаса жанлы яки жансыз нәрсениң гейде улғайтылып, гейде

кеңейтилип те тәрипленип баянланыўы нәзерде тутылады. Тап сол сыяқлы аталған шайырларымыздың шығармаларында белгили бир темалар менен тематикалар усындай "дәстанлық" сыпат пенен гейде бөрттирилип те, базыда тымсал формасына ендирилип те, гейде диний – исламий, философиялық түсиниклердеги алдан болжаўшылық, прогнозлық сыпат пенен де, айырым бөлекшелерде туўрыдан-туўры, ашықтан-ашық түринде де тәрипленип баянланады, яғный, «дәстан» етиледи. Булардын ишинде Н.Төрешованың шығармасына салыстырғанда Ә.Өтепбергеновтың дөретпеси өзиниң көп проблемалылығы, инсан өмириниң бир неше жыллары менен дәўирлерин өз ишине қамтыўы көзқарасынан алғанда да эпикалық, яғный «дәстанлық» сыпат алған. Ол ең алды менен хәр қыйлы сюжетлик бағдарларда Ўатан сүйиўшилик идеясын алға сүре отырып, терең гуманизмди, меҳрибанлықты, жоқары адамгершиликти хәр қандай жаўызлықтан, нәпси қанаат пенен инсапты көзи тоймаслықтан, нәписқаўлықтан жоқары қойып сүўретлеўге дыққат аўдарған. Усындай мәселелерде шайырға әсиресе, ислам дини философиясындағы нәпси-қанаат, адамгершилик, ўатанға садықлық идеялары менен суўғарылған аңыз-рәўиятлар, мифологиялық түсиниклер менен сюжетлик ўақыялар, аңыз-әңгимелер айрықша жәрдемге келген хәм олардың барлығы фольклорлық дәстүрлердеги «дәстанлық» стиль менен - гейде улғайтылып, базыда өмирге жақын, эпиўайы турмыс хақыйқатлығындай етип берилген. Мәселен, дәстанның дәслепки бөлимлеринде орын алған Нәжметдин Қубра, 360 әўлийе, қырық молла төбешиклери ҳаққындағы ўақыялар менен оларды баянлаўдың стили нағыз фольклорлық «дәстанлық» баянлаў усылы менен сол миллий-көркем дәстүрлеримиздеги сюжетлик-композициялық формалардың мотивин толық көз алдымызға келтиреди. Дәстанның орталарында түркмен халқының уллы шайыры Мақтымқулы хәм оның тәрепдарлары, халық алдыңғыларының мәртлиги туўралы берилген патриотизмге толы сюжетлик бөлекше менен олардың баянланыў стили хәм оның шығармада басқа бир әдебий қаҳарманның аўызша гүрриңи түринде сүўретлениўи де тутас усы шығарманың «дәстанлық» сыпатынан дәрек берип тур.

Ә.Өтепбергеновтың «Алланды умытпа!» дәстанында шайырдың өзиниң улыўмаластырылған образы индивидуаль образ дәрежесине көтерилген. Автор бул образды жаратыў мақсетинде оның туўылыў жағдайы - әкесиниң кудадан перзент сорап Гөне Үргениш қаласына барып зиярат етиўи, ондағы пир хәм пайғамбарлардан, Нәжметдин Қубра руўхынан мәдет сораўы, усының арқасында шайырдың дүньяға келиўи хәм т.б. ҳаққындағы ўақыялар диний-исламий әлемдеги философиялық принциплерге сүйенилип сүўретленген. Усыларды баянлап бериў де шайырдан, бизиңше, «дәстанлық» стильди талап еткен болса керек. Сондай-ақ, дөретпе ақырындағы «бейиш», «дозақ» түсиниклериниң сүўретлениўи де дәстан жанрының баянлаў поэтикасына сай түрде берилген. Усыған қарамастан, дәстандағы идеялық-эстетикалық сыпатлар хәм бағдарлар, турмыс картиналары менен ўақыялар, хәттеки, кишкене детальлар да өмир шынлығының объектив сәўлеси болып есапланады.

Дөретпедеги лирик қаҳарман образы шайырдың ҳәзирги өмир картиналары менен тарийхый шынлыққа, диний-рәўиятлық мифологиялық-фантастикалық түсиниклерге жанлы қатнаслары арқалы тереңнен алып сүўретленген. Дәстанның баянлаў поэтикасына лиризм хәм психологизмниң өткирлиги тән. Буның үстине шығарма поэтикасында тәкирарланбас сүўретлеў усыллары менен көркемлеў қуралларының шебер түрде ислетилиўи де бул дөретпениң оқыўшыға тәсириниң артыўына хызмет етип тур. Мысалы:

Бири-биримизди көре алмаймыз,  
Бири-биримизди урып хорлаймыз.  
Урыс-жәнжел ушын келдик пе бизлер?!  
Бул ҳаққында айтсақ таўсылмас сөзлер…  
Бир-бирин өлтириў гәрези қасты  
Бир-бириниң қанын суўдайын ишти…  
Сөйтип бир-бирине кепинлер пишти  
Урыс-жәнжел ушын келдик пе бизлер,  
Бул ҳаққында айтсақ таўсылмас сөзлер… [7].

Усындай жүрек шоршытарлық өмир картиналарының мол сүўретлениўи хәм олардың хәр бириниң тарийхый дәўирлерге сәйкеслиги, эпикалылыққа қоса лирикалық кеширмелердиң жийи орын алыўы бул шығармаға нағыз «дәстанлық» жанрлық-стильлик қәсийет бағышлаған. Шайыр дәстанның соңына таман «дозақ» ҳаққында көринислерди баянлай келе былай деген:

Усында ерине қыянет еткен,  
Усында гүнасы басына жеткен.  
Усында баладан безген аналар,  
Маңлайы ашылмай қалған аналар.  
Баланы балалар үйине берип,  
Жазасын тартпақта мум яңлы ерип [8].

Мине буларды дәстанның соңғы қатарларында тағы күшейтип, әшкаралықты улғайтып: "Некели, нексиз балаларды туўған, Бир күнде бес еркек көрген, «перишите», «еркектиң де қатынпазлары, ияты, ибаты, ары азлары" - деп сүўретлейди (170-б.). Ал тап усы типтеги намыссыз ер хәм хаяллардың бул дүньядағы қылўаларын буннан алдыңғы бөлимлерде деталластыра отырып айқын ашқан еди. Демек, усылар арқалы шығарманың тағы да "дәстан"лық қәсийетлери көзге түседи.

Н.Төрешованың «Ялғаншы» атлы дәстан-драмасында да ушырасады. Дәстан-драмада Шербек пенен Мүтгилланың Ахмедтиң өмирине қәўип туўғызып, оны өлимши етип таяққа жығып кетиўи шығарма сюжетиниң жуўмақланыўында, конфликттиң шегине жетиўинде хәм оның шешиминде үлкен әҳмийетке ийе болған. Усыған байланыслы көпшилик әдебий қаҳарманлардың индивидуаллығы да терең ашыла баслайды. Ахмедтиң бундай қорлыққа ушыраўы ғарезсизлик дәўириниң

дәслепки жылларында болып өткенликтен, кейин ала барлық жумбақлы сырлар ашылады, зан хызметкерлери бул исте айрықша белсендилик көрсетеди, ден-саўлық сақшылары болған шыпакерлердиң гуманистлик сыпатлары да ашылады.

Шығармаға әдебий қаҳарманның белгили бир шекленген өмир жоллары алынса да, онда үш дәўир: советлик, жариялылық ҳәм ғәрезсизлик жыллары шеберлик пенен қамтылған. Сүўретлеў усыллары менен әдебий қаҳарманның образын жаратыў принциплери «дәстан-драма»ның жанрлық-стильлик талабына жуўап береди. Дөретпениң усындай жанрлық-стильлик сыпатларға ийе болыўында автордың диний-философиялық ҳәм психологиялық ой пикирлерге айрықша әҳмийет берип сүўретлеўи де себепши болған. Усы көзқарастан шығармадағы Алийма образы, дөретпе ақырына таман бул ҳаялдың диний-философиялық характердеги нәсиятларына өмирлик қостары Ахмедтиң де кем-кем қулақ түрип тән ала баслаўы, усы жигитке тек жаманлықлар ғана емес, ал, үлкен қастыянлық еткен Мүптилланың тосаттан қайтыс болыўы, буның «кимдур биреўге жаманлық ислесе, сол өзине қайтып барады», деген исламий тәлийматқа байланыстырылыўы да «дәстан» сыяқлы бурынғы әдебий усылды ислеткенлигинен дәрек береди.

Шығарма басланыўынан-ақ шайырдың сүўретлеў усыллары да дәстанның жанры, поэтикасына сай келетуғынлығы көзге тасланып турады. Мысалы:

Шайырлар әлемниң тажы ҳәм тахты,
Тәңиримниң бендеге берген елшиси.
Шайырлар жүрекке түсирилген жақты,
Бул сулыў әлемниң сулыў күлкиси.
Неше мың жыллықтың жәбириў жапасын,
Шайырлар илаҳый кәлемге алды.
Қымбат, арзан бул бенденің баҳасын,
Туўра айтаман деп отларда жанды.
Өртеди қосығын, өртеди өзин,
Терисин тирилей сыпырып алды…[9].

Мине, бундай баянлаў стили де дәстан, жанры поэтикасына сай екенлиги көринип тур. Ал, ондағы гиперболалық сүўретлеўдиң басымлығы да бизиң сезимимиздиң туўрылығын дәлиллейди. Соның менен қатар, шығармадағы Тәңир, Қуда, Ҳақ ҳәм т.б. мифологиялық символика бирликлериниң жийи-жийи қайталаныўы ҳәм активлик пенен ислетилиўи, олардың өткирлестирилген қыялый-фантастикалық ҳәм метафоралық образларының жаратылыўы да усы шығарма жанрының талабына жуўап беретуғынлығын көрсетеди. Шығарма қурамындағы көркем элементлердиң барлығының сахнаға бейимлестирилип, биресе, автордың, биресе, әдебий қаҳарманлардың диалоглары-полилоглары формасында сүўретлениўи бир тутас дөретпеге дәстан-драмалық қәсийетлер енгизеди. Олардың орайында басқарыўшы ҳәм тийисли комментарийлер бериўши автор образы турады.

Жуўмақлап айтқанда, ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ лиро-эпикалық поэзиясында дәстан жанрының көп түрлилиги елеўли түрде көзге тасланбақта. Әсиресе, бул дәўирде «дәстан-драма»ның жүзеге келиўи дыққатқа миясар. Улыўма, усы дәўирдеги дәстан жанрының идеялық-тематикалық, сюжетлик-композициялық өзгешеликлери бурынғыға усамаған көркем образлардың, идеялардың айқынлаўына тийкар жаратты. Ә.Өтепбергенов пенен Н.Төрешованың шығармаларында қаҳарман образын дөретиўде, оның руўхый дүньясын ашыўда исламий-диний философиялық пикирлерге айрықша итибар бериўшилик, буңда базы бир гуманистлик, символико-метафоралық қәсийетлер менен гиперболаларға кеңирек орын бериливи - булардың ҳәммеси аты аталған авторлардың дәстан жанрында кәлем тербетиўине имканият жаратқан. Усы идеялық-эстетикалық талап ең алды менен дәўирдиң идеялық-эстетикалық принциплерине байланыслы келип шықты. Бул өз гезегинде халқының руўхый саладағы қолға киргизип атырған табысларынан дәрек береди.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. Билим. 1992. 167-б.
2. Пахратдинов Ә. Бердақтың дәстанлық шығармалары. Нөкис. Қарақалпақстан. 1987.
3. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. Билим. 1992. 89-90-бб.
4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1968.
5. Мақсетов Қ. Ә.Өтепбергеновтың "Алланды умытпа" дәстаны ҳаққында. //Әмиўдәрья. 1996. № 1-2. [illegible]-б.
6. Қурамбаев Қ. Руўхый пәкликке үндеўши дәстан. //Әмиўдәрья. 1996. № 1-2. 42-б.
7. Өтепбергенов Ә. Алланды умытпа. Нөкис. Қарақалпақстан. 1996. 102-б.
8. Өтепбергенов Ә. Бул да сонда, 103-б.
9. Төрешова Н. Әзийзим. Нөкис. Қарақалпақстан. 2009. [illegible]



**SUMMARY**

The paper deals with a new pencraft in karakalpak lyrical epic poetry. The author, analyzing the dastans by A.Utepbergenov and N.Toreshova in the period of Independence, concludes a valuable theoretical summary, which ground further thorough study of the national epic poetry in tote.



**Turdibayev K.K.**
**New direction in our lyrical epic poetry**
*Karakalpak State University*